



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEPATMAN ENPO A TE BLOKE PLIS PASE 330,000  
REKLAMASYON POU RANBOUSMAN KI SISPÈK**

***Blokaj Pèman Ranbousman Sispèk yo Prevwa Ekonomize 480 Milyon Dola  
Nouyokè yo***

***Teknoloji Dènnye Kri Eta New York la Detekte Dènnye Taktik Eskwòk yo Itilize yo***

***Pase a 239,000 Reklamasyon Sispèk ki te Bloke pandan Sezon Deklarasyon Enpo  
2016 la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Depatman Enpo ak Finans Eta New York la (New York State Department of Taxation and Finance) te bloke 330,000 reklamasyon ranbousman sispèk nan sezon deklarasyon enpo ane sa. An fonksyon rezilta ane anvan yo, pwojè Depatman Enpo ki bloke ranbousman sa yo ap fè Eta New York ak kontribyab li yo ekonomize aniwon 480 milyon dola ane sa—yon ogmantasyon ekonomi pou prèske 20 pousan, pa rapò ak menm peryòd la ane pase.

“Nou rete vijilan nan efò nou pou reprime moun k ap fè fwod yo, k ap eseye epi k ap jwe ak sistèm nan epi twonpe Nouyokè k ap travay di pou finansman kontribyab yo itilize pou sèvis ki vital yo.”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “N ap kontine itilize teknoloji modèn pou tetekte epi anpeche eskwòkri kriminèl nan rejim fiskal la ak ranbousman yo.”

Analiz ki fè previzyon ak règleman sistèm nan yo simaye nan plizyè milya pwen done pou detèmine kilè pou trete yon demand ranbousman oubyen deklarasyon e kilè li nesèsè pou fè analiz ki pi pwofon. Li ka detekte move kalkil ki senp ak erè onètè, ansanm ak deklarasyon ki falsifye oubyen ogmantasyon kantite moun ki anchaj, dediksyon oubyen depans nan biznis yo.

**Delege pa Enterim Depatman Enpo ak Finans Eta New York la, Nonie Manion te deklare:** “Sistèm analiz ki peye moun ki genyen nou an pèmèt nou revize chak moun nan 10 milyon deklarasyon enpo sou revni pèsònèl yo pandan n ap resevwa yo, pou bloke deklarasyon ki sispèk yo epi trete rès yo nan fason ki efikas. Sistèm nan ka ajiste rapidman kòm repons ak nouvo echantiyon deklarasyon ki sispèk yo”.

Lè l analize chak deklarasyon ki antre, ak done ki lye yo, Depatman Enpo a rete an gad pou eskwòkri fwod deklarasyon ak ranbousman k ap vini yo. Pa egzanzp, sezon

deklarasyon sa, Depatman Enpo a te valide deklarasyon pou plis pase 7,000 anplwaye ki soti nan plizyè douzèn biznis ki te viktim eskwokri nan yon modèl elabore pou vòlè done pewòl yo. Depi mizanplas li nan lane 2003, pwogram analiz biznis Depatman Enpo a te ekonomize 4 milya dola kontribyab Eta New York epi te mennen nan arestasyon ak pouswit anpil moun k ap prepare taks yo peye ki akize nan depoze deklarasyon ak fwod.

### **Rapòte fwod**

Kontribyab ki sispèk ke yon moun oubyen biznis ap komèt fwod fiskal yo ka repòte sa nan fason konfidansyèl [sou entènèt](#) oubyen pa telefòn 518-457-0578.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418